# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 फरवरी 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रयागराज महाकुंभ के एकता क महायज्ञ बतावत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु कहलन कि भारत के अपना विरासत पर गरब हौ आ ऊ नया ऊर्जा के साथे आगे बढ़ि रहल हौ। एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये प्रधानमंत्री महाकुंभ के सफलता क सराहना करत कहलें कि ई सफल आयोजन नीति विशेषज्ञन बदे अध्ययन क विषय हौ। उहां के कहलीं कि आध्यात्मिक क्षेत्र में सोध करे वाले लोगि, करोड़न भारतवसियन के येह उछाह पर अध्ययन करिहें त पइहैं कि आपन बिरासत पर गरब करे वाला भारत अब एगो नया उर्जा के साथे आगे बढ़ि रहल हौ।

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज पहुंचलें। उहां के महाकुंभ के सफल आयोजन के बादे ओहसे जुड़लि अलगि अलगि गतिविधियन में हिस्सा लिहलीं। पूजा पाठि के बाद मुख्यमंत्री अपने मंत्रिमंडल के सदस्यन के साथे अरैल घाट पर सफाई अभियान में हिस्सा लिहलीं। उहां के स्वच्छताकरमियन आ स्वास्थ्यकरमियन के सम्मानित कइलीं। येह मौका पर मुख्यमंत्री घोसणा कइलीं कि महाकुंभ से जुड़ल सज्जो स्वच्छताकर्मियन अउरि स्वास्थ्यकर्मियन के दस हजार रुपया के एगो अउरियो बोनस दिहल जाई।

**सरकार ने तय किया है प्रयागराज महाकुंभ के साथ जुड़े हुए जो भी स्वच्छताकर्मी थे, स्वास्थ्यकर्मी थे इन सब को हम लोग एक अतिरिक्त बोनस देंगे दस हजार रुपये का, इस मेले के दौरान उन्होंने जो कार्य किया है।**

मुख्यमंत्री पात्र लाभार्थियन के कुम्भकोष आ आयुष्मान योजना क प्रमाण पत्रों बंटलीं। महाकुंभ में सफाई अभियान आ सबसे जियादा हैंड प्रिंट पेंटिंग के जरिये गिनीज बुक ऑफ वर्ल्ड रिकॉर्ड्स में जगहि मिलले पर मुख्यमंत्री सज्जो सहजोगियन क सराहना कइलें। ऊहां के अपने मंत्रिमंडल के सदस्यन के साथे स्वच्छताकर्मियन से जुड़ल सहभोज में हिस्सा लिहलीं। उहां के कहलीं कि सरकार स्वच्छताकर्मियन आ स्वास्थ्यकर्मियन क न्यूनतम वेतन तय करे जा रहलि हौ।

**अप्रैल से हमारा एक कार्पोरेशन बनने जा रहा है जिसके माध्यम से हम व्यवस्था करने जा रहे हैं कि जो भी स्वच्छताकर्मी अब काम करेगा कम से कम उसको सोलह हजार रुपये हर महीने उसके खाते में हम लोग देने का काम करेंगे। और मिनिमम वेजेज केवल सफाईकर्मियों को ही नहीं, उन स्वास्थ्यकर्मियों को भी जिन्हें पूरा वेज नहीं मिल पाता था। उन सबको भी हम इसके साथ जोड़ने जा रहे हैं।**

मुख्यमंत्री प्रयागराज के नाविकन आ परिवहन विभाग के चालकन अउरि परिचालकन से बातोचीत कइलीं। उहां के बड़का हनुमान जी क दर्शन पूजन कइलीं आ प्रयागराज के नेत्र कुम्भ दो हजार पचीस के सिविरो में गइलीं।

**********

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आजु प्रयागराज जंक्शन पहुंचलें आ रेलवे के अधिकरियन से मिलि के महाकुंभ के दौरान रेल प्रसासन के व्यवस्था क समीक्षा कइलें। उहां के कहलीं कि महाकुंभ क ई आयोजन भारतीय संस्कृति आ सामाजिक समरसता क निसानी हौ। श्री वैष्णव कहलन की प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के अगुवाई में ई भव्य आयोजन संभव हो पवलस, जेहमें उत्तर प्रदेस के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क परमुख भूमिका रहल। रेल मंत्री बतवलें कि सुरूआत में रेलवे तेरह हजार ट्रेनन के चलवले क योजना बनवले रहे, बाकिर सरधालुअन के भारी भीड़ि के देखत सोरह हजार से बेसिये ट्रेनन क सफल संचालन कइल गईल। रेल मंत्री कहलन कि येह महाकुंभ से मिलल सिखि के रेलवे मैन्यूअल में हमेसा खातिर सामिल कइल जाई, ताकि अगहुं अउरियो बड़का आयोजन में येह कर लाभ उठावल जा सके।

**********

संभल कै जामा मस्जिद में रंगाई पोताई आ मरम्मत बदे इलाहाबाद हाईकोर्ट में दाखिल अरजी पर आजु सुनवाई भइल। मामिला में एएसआई आपत्ति कइले, जेह पर हाईकोर्ट बिहने ले सर्वेक्षण कइ के एएसआई से रिपोर्ट मंगले हौ। रिपोर्ट के हिसाबि से कोर्ट तय करी कि कइसे ढांचा के नोकसान पहुंचवले बिना रंगोई पोताई कइल जाए।

**********

प्रदेस सरकार के ओरि से सज्जो जिलन के गांव पंचाइतिन में जीरो पावर्टी योजना के तहत अधिकाहे गरीब परिवारन क चयन कइल जा रहल हौ। येह परिवारन के सरकार के छब्बीस योजना क लाभ दे के ओन्हें आर्थिक रूप से मजबूत बनावल जाई। हर गांव से पचीस परिवारन क चयन कईल जा रहल हौ। येही कड़ी में कुशीनगर जिला के नौ सौ अस्सी गांव पंचाइतिन में सर्वे चलि रहल हौ। जिला में कुल चौबिस हजार पांच सौ परिवारन क लक्ष्य तय कईल गइल बा, जेकरे सापेक्ष अबले तेईस हजार नौ सौ तिरसठ से अधिकाहे गरीब परिवार चिन्हित कईल जा चुकल हवें।

**********

प्रदेस के पस्चिमी इलाका के कई जिलन में आजु भिन्नही अचानक मौसम क मिजाजि बदलि गइल। मुजफ्फरनगर, शामली, हापुड़, सहारनपुर आ अमरोहा में बादर छवले के सथहीं सुरु भइल हलुकाहे बरखा से ठंडा महसूस कइल गई। मौसम विभाग के हिसाबि से अगिला दुई दिन ले प्रदेस के पस्चिमी आ पूरबी इलाकन के अलगि अलगि जिलन में हलुकाहे से मध्यम बरखा के सथही कुछु जगहि पर ओला परले क भी संभावना बा।

**********